

Bab-bab Wigatos Inggang Kamot Wonten Ing Sastra Jawi Kina Minangka Pambangun Pekertinipun Saha Watakipun Bangsa

Dening: Titik Pudjiastuti [1]

1. Pambuka

Ngrembag ngengingi sastra Jawi Kina tansah nengsemaken tumrap seperanganipun tiyang, mliginipun para panaliti kabudayan kina Indonesia. Kanthi nyata bilih basa Jawi Kina ing Jawi samenika panci sampun boten dipun ginakaken malih wonten gesangipun manungsa padintenan [2]

Nanging anggenipun nggiyakaken bab sastranipun taksih tetep gesang [3]. Buktinipun rikala wontenipun pinten-pinten wedalan, panaliten, pelatihan, saha sarasehan - sarasehan ingkang gegayutan kaliyan sastra Jawi Kina, ingkang katindakaken boten nanung panaliti Indonesia, nanging ugi panaliti manca negari. Kanthi dhasar bab menika, tuwuh pitakenan, menapa sejatosipun sastra Jawi Kina menika?

Menapa jalaranipun tiyang kesengsem naliti bab wau? Ngemot babagan menapa mawon ing salebetipun sastra Jawi Kina? Menapa jumbuhipun babagan ingkang kamot ing sastra Jawi Kina kaliyan gesangipun manungsa jaman samenika? Menawi-jumbuh, kanthi cara menapa ingkang kedah kula lan panjenengan sedaya tindakaken supados babagan ingkang kamot wonten ing kamot ing sastra Jawi kina menika saged rumesep dhumateng para nem - neman, saha saged kasil anggenipun nanem pakerti miwah watakipun bangsa ingkang nggadahi kapribaden Indonesia. Pinten-pinten pitakenan menika boten gampil dipun wangsuli, nanging kula dhapur nyobi, ngandharaken wangsulan wonten makalah menika.

Saderengipun kula badhe ngaturaken langkung rumiyin katrangan ringkes ngengingi sastra Jawi kina.

2. Satleraman ngengingi Sastra Jawi Kina

Zoetmulder (1983: XII) eram dhumateng bangsa Indonesia, rikala wekdal rumiyin sampun kasil kanthi nengsemaken ing babagan kesenian, boten namung wujud monumen seni bangunan, kadosta candi Borobudur lan Prambanan, nanging ugi monumen basa. Wonten ing Pulo Jawi, miturut panjenenganipun (1983: XI), ing jaman rumiyin seni ngripta puisi dipun sebat kalangwan utawi kalangon, inggih menika kaendahan jalaran ngripta saha ngraosaken riptanipun tiyang sanes, kaangkat, lajeng medal saking diri pribadinipun piyambak saha kanyut wonten salebetipun kaendahan.

Salebetipun buku Kalangwan (Zoetmulder, 1983: 21) saha Kapustakan Djawi (Poerbatjaraka, 1954: 2) dipun sebatken bilih sastra Jawi Kina kawiwitan abad IX inggih menika rikala jaman papretahanipun Dyah Balitung, ing nagri Mataram. Salebetipun andharan salajengipun Zoetmulder (1983: 25-27) ngendikakaken bilih giyakipun sastra Jawi Kuna ingkang mujudaken kabudayan Hindu Jawi namung lumampah dangunipun nem abad. Giyakipun sastra Jawi kinaing Jawi menika surut rikala kadadosan wanci pancaroba, saking Jawi dhateng Islam. Nanging rikala semanten kraton - kraton ing Bali tetep anjagi warisan kebudayaan Hindu - Jawi saha sastra Jawi Kina lajeng kaserat miwah dipun sinau dening para brahmin, mila kanthi nyata dumugi samenika kula lan panjenengan sedaya taksih saged andarbeni kasiling riptan sastra Jawi Kina.

Adhedhasar anggenipun nyuguhaken teksipun, riptan sastra Jawi Kina dipun rakit kanthi wujud gancar (prosa), tutur, parwa (epos) saha kakawin (puisi). Dipun tuweni saking basanipun, riptan sastra Jawi Kina panci pikantuk sawabipun saking sastra India, sabotenipun wonten gayutanipun kaliyan sastra miwah basa Sansekerta.

Zoetmulder (1983), salebetipun Kalangwan ngandharaken pinten-pinten bab ngengingi sastra Jawi Kina, antawisipun sejarah basa Jawi Kina, sawabipun basa Sansekerta salebetipun sastra Jawi kina, bleger sejarahipun sastra Jawi Kina, sastra parwa, teknik sajak Jawi Kina (metrum kakawin), pujangga-pujangga sastra Jawi Kina, kadosta

- Mpu Kanwa,
- Mpu Sedah,

- Mpu Panuluh,
- Mpu Dharmaja,
- Mpu Monaguna,
- Mpu Triguna,
- Mpu Tantular, saha
- Mpu Tanakung

miwah riptan - riptan panjenenganipun, dipun kompliti ringkesanipun cariyos riptan - riptanipun. Kajawi menika, panjenenganipun ugi nyaosi katerangan ngengingi kakawin minor, sastra kidung, saha warni warninipun pola metrum kakawin.

Dene Poerbatjaraka (1954) ing salebetipun bukunipun ingkang mawi irah - irahan Kapustakan Djawi merang riptan sastra Jawi Kina dados tigang golongan, inggih menika:

serat-serat Jawi Kina ingkang golongan sepuh, kadosta:

- Serat Candara Karana,
- Serat Ramayana,
- Sang Hyang Kamahayanikan,
- Brahmandapurana,
- Agastyaparwa,
- Ujakandi,
- Adiparwa,
- Sabhaparwa,
- Wirataparwa,
- Kunjarakarna,
- Swargarohanaparwa
- lan sapanunggalanipun,

Jawi Kina ingkang mawi sekar, kadosta : Arjunawiwaha, Kresnayana, Smaradahana, Bhomakawya, Bharatayuddha, Hariwangsa, Lubdaka, Wrettasancaya, lan sapanunggalanipun, saha serat - serat Jawi kina ingkang golongan enem, kadosta:

- Brahmandapurana,
- Nagarakretagama,
- Arjunawijaya,
- Parthayadnya,
- Nitisastra,
- Darmasunya,
- lan sapanunggalanipun.

Sadaya riptan sastra Jawa Kina ingkang golongan enem, kadosta : Brahmandapurana, Nagarakretagama, Arjunawijaya, Parthayadnya, Nitisastra, Darmasunya, lan sapanunggalanipun.

Sadaya riptan sastra Jawi Kina ingkang dipun sebataken ing salebtipun buku menika dipun kompliti mawi katrangan ngengingi cariyos saha panaliti ingkang nate ngrembag riptan kasebat.

Dumugi samenika, riptan sastra Jawi kina sampun radi kathah ingkang dipun taliti, dipun sunting, saha dipun pertal dening para panaliti Indonesia menapa dene mancanegari. Ing ngandhap menika saperangan riptan sastra Jawi Kina ingkang sampun kataliti saha dipun wedalaken.

1. Ramayana kakawin.

Kaendahanipun Ramayana kakawin Jawi kina(3) sampun dangu nengsemaken saha dados kawigatosanipun para panaliti Jawi Kina, antawisipun Kern (1900) ingkang ngedalaken edhisi kritis Ramayana kakawin, Juynboll (1922 — 1936) ingkang mertal teks Ramayana kakawin dhateng basa Landi, Hooykaas (1955) saha Zoetmulder (1983) damel ringkesanipun cariyos saha maringi katrangan ngengingi prototip, wancinipun ngripta, saha pangripta Ramayana Jawi Kina, lan Soewito Santoso (1980) ingkang ngedalaken suntingan teks saha pertalan Ramayana kakawin dhateng basa Inggris.

2. Kunjarakarna,

sastra prosa (gancar) Jawi Kina sampun dipun sunting saha dipun pertal dhateng basa Landi dening H.Kem (1901). Taun 1983, Willem van der Molen ugi nyunting lan mertal dhateng basa Landi saha naliti ngangge teori

enggal. Buku van der Molen menika sampun kawedalaken malih saha dipunpental dhateng basa Indonesia. (2011).

3. Adiprawa,
sastra parwa dipun sunting dening Juynboll (1906)
4. Wirataparwa,
sastra parwa, dipun sunting dening Juynboll (1912)
5. Arjunawiwaha
kakawin riptanipun Mpu Kanwa dipunsunting saha dipun pental dening Poerbatjaraka (1926). Taun 1990 Kuntara Wiryamartana ugi nyunting lan mertal Arjunawiwaha.
6. Siwaratrikalpa
kakawin riptanipun Mpu Tanakung, dipun sunting lan dipun pental dhateng basa Inggris dening Teeuw, Robson, (lalestin, lan Worsley (1969)
7. Jnanasidhanta,
sastra tutur Jawi Kina dipun sunting lan dipun pental dhateng basa Inggris dening Haryati Soebadio (1971).
8. Arjunawjjaya
kakawin riptanipun Mpu Tantular dipun sunting lan dipun pental dhateng basa Inggris dening Supomo, (1977).
9. Kunjarakarna Dharmakatana
kakawin riptanipun Mpu Dhusun, dipun sunting lan dipun pental dhateng basa Inggris dening Teeuw lan Robson (1981)
10. Bharatayuddha
kakawin, riptanipun Mpu Sedah lan Mpu Panuluh, dipun sunting lan dipun pental dhateng basa Inggris dening S. Supomo (1993).

Kajawi gegiyak ingkang sipatipun panaliten kanthi ngawontenaken wedalan - wedalan sastra Jawi Kina, kados conto -conto ing nginggil, ugi dipun wontenaken gegiyak sanes rupi sarasehan utawi lokakarya ingkang gegayutan kaliyan sastra Jawi Kina, antawisipun ingkang pungkasan inggih menika Lokakarya Internasional Ramayana Jawi Kina ingkang dipun wontenaken ing taun 2009 wonten KITLV, Jakarta.

3. Nglestantunaken bab - bab wigatos ingkang kamot wonten ing sastra Jawi Kina dhatcug para nem - neman

Lumantar ringkesanipun cariyos ingkang kamot wonten ing buku Kalangwan saha Kapustakan Djawi miwah teks - teks sastra Jawi Kina ingkang sampun dipun sunting saha dipun wedalaken, kula lan panjenengan sadaya saged njinggleng kaendahan ingkang mrentul wonten ing riptan riptan sastra Jawi Kina. Kaendahan ingkang boten namung dipun tedahaken lumantar basa ingkang dipun ginakaken wonten teksipun, nanging ugi katitik saking bab - bab wigatos ingkang gegepokan kaliyan budaya ingkang kamot kanthi ngegla utawi boten ngegla salabetipun riptan sastra wau, kadosta: kawicaksanan, katresnan, kasetyan, keadilan, kaprawiran, ketrampilan perang, kawula ingkang setya, kepemimpinan, ajaran moral, lan sanes-sanesipun.

Kadospundi caranipun nanem bab - bab wigatos wau lan nglestantunaken dhateng pan nem - neman supados dados pedoman saha kasil mujudaken pekerti saha watakipun bangsa? Bab menika tartamtu boten gampil, jalaran para nem - neman samenika langkung remen dhateng budaya mancanegari katimbang budayanipun piyambak ingkang sipatipun tradhisional lan kina. Mila, supados para nem - neman wau langkung pitados, dipun betahaken cara - cara mirunggan ingkang jumbuh kaliyan kawontenan jaman lan raosipun nem - neman wau. Ing ngandhap menika saperangan usulan (pamrayogi) ingkang saged dipun tindakaken kangge mujudaken ancas kasebat, inggih menika :

- Para guru SMP lan SMA prayoginipun ndugekaken cariyos - cariyos ingkang sumberipun saking riptan sastra Jawi Kina wonten ing kelas (mata pelajaran basa, sastra, lan budaya).
- Ngindhakaken giyakistanipun ekstra kurikuler awujud: sendratari, tarian, drama klasik utawi modern ngangge tema (gegelidan) ingkang sumberipun saking riptan-riptan sastra Jawi Kina.
- Ngawontenaken lomba (sayembara) mertal, nedhak cariyos, utawi nyerat sekar ingkang sumberipun saking riptan-riptan sastra Jawi Kina.
- Lan sanes-sanesipun

Budidaya ing nginggil tartamtu mbetahaken wanci ingkang dangu saha sabaripun para guru. Nanging tumrap ancas ingkang luhur, boten wonten lepatipun menawi budidaya menika dipun tindakaken, saengga dumugi wanci ingkang sampun dipun temtokaken para nem - neman Indonesia gadhah pekerti lan watak bangsa ingkang jumbuh kaliyan kabudayan Indonesia.

4. Nggiyakaken “nedhak” Sastra Jawi Kina dhateng jagadipun lare.

Umur balita -- 12 taun mujudaken wanci ingkang langkung sae tumraping kula lan panjenengan sadaya nepangaken riptan sastra Jawi Kina, saengga bab wigatos ingkang gegayutan kaliyan ajaran luhur wonten salebetipun, saged katanem wonten jiwaniipun lare - lare. Nanging jalaran jagadipun lare menika jagad lelangen, mila sastra Jawi Kina prayoginipun dipun tepangaken dhumateng lare - lare wau kanthi cara ingkang jumbuh kaliyan jagadipun lare - lare menika. Mila wonten seperangan cara ingkang saged dipun tindakaken, antawisipun lumantar media:

- Film: kanthi cara damel film kartun animasi utawi sinetron kangge lare kanthi tema (gegelidan) cariyos - cariyos ingkang kapethik saking sastra Jawi Kina.
- Wedalan (terbitan) wujutipun buku cariyos, buku cariyos mawi gambar, buku mawi werni, saha komik ingkang sumberipun saking sastra Jawi Kina.
- Alat - alat dolanan (permainan): kadosta gambaran, scramble, game on line, lan sanes sanesipun ingkang sumberipun cariyos cariyos sastra Jawi kina.

Dipun angkah, lumantar media menika, bab-bab wigatos ingkang kamot wonten ing sastra Jawi Kina saged dipun mangertosi dening lare - lare. Kanthi menika, dipun gadhang para nem - neman ingkang badhe nglajengaken bangsa Indonesia wanci ingkang badhe dhateng, minangka nem - neman ingkang kapribadenipun mujudaken pekerti saha watakipun bangsa Indonesia,

5. Paedahipun bab - bab wigatos ingkang kamot wonten salebetipun sastra Jawi Kina tumrap gesang bebrayan donya.

Kanthi-maos riptan riptan sastra Jawi Kina kula lan panjenengan sadaya saged methik paedahipun ingkang kamot ing lebetipun, bilih wonten gesang bebrayan donya bab - bab wigatos, kadosta:

- kawicaksanan
- kaprawiran
- kejujuran
- kasetyan
- kepemimpinan

- tresna dhateng Gusti Inkgang Maha Agung, jagad raya, lan sesaming gesang
- ajaran moral,
- lan sanes - sanesipun

taksih jumbuh sanget saha boten badhe telas saha risak jalaran owah gingsiripun jaman ingkang modern kados menapa menapa mawon, salebetipim gesang bebrayan ingkang katindakaken dening manungsa.

6. Penutup

Sastra Jawi Kina menika jagadipun sastra jaman rumiyin. Boten gampil mangertosi bab - bab wigatos ingkang kamot salebetipun, dipun betahaken kawruh (seserepan) ngengingi lingkungan kabudayan, caranipun mikir, aturan (norma) estetis (kaendahan), mliginipun kawruh ngengingi bab basa. Sanajan mekaten, panaliten ingkang gegayutan kaliyan sastra Jawi Kina tetep lumintu, para panaliti kabudayan kuna Indonesia tetep nggethu nekuni

¹ Dosen Fakultas Ilmu Pengetahuan Budaya Universitas Indonesia, saged dipun sambeti lumantar email: titikpujiahoo.com. Matur nuwun sanget dhateng Mas Darmoko, M.hum ingkang sampun mertal makalah menika.

² Miturut Poerbatjaraka (1954:x) ingkang dipun wastani basa Jawi Kina menika basa Jawi kala jaman kina, tiyang Jawi jaman samangke mastani basa kawi. Cirinipun basa Jawi kina menika -- wiwit kaserat sapisan sampun kecampuran tembung - tembung Sansekerta.

³ Ngengingi kaendahanipun Ramayana, Poerbatjaraka (Kapustakan Djawi, Djambatan, 1952: Mratelakaken eraniipun kanthi ngendika: “serat Ramayana punika sae sanget, kathah piwulangipun, sae - sae rerenganipun, tur basanipun bregas. Sajeg kula gesang dereng nate maos serta Jawi ingkang saenipun bab basa, rerengan isp kados sent Ramayana”.